# Yàlla jéggal na samaw xeet njuumte ak fàtte ak lu ñu leen forse

Jële nañu ci Ibn Abbaas yal na leen Yàlla dollee gërëm mu jële ci Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc mu wax ne: "Yàlla jéggal na samaw xeet njuumte ak fàtte ak lu ñu leen forse".

[قال النووي: حديث حسن] [رواه ابن ماجه والبيهقي وغيرهما]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xamle ne: Yàlla baal na xeetam wi ñatti mbir: Bi ci njëkk: njuumte, te mooy li ñuy def ci lu dul ag tay, te mooy jullit bi jublu ci jëfam ji dara far def leneen lu mu jubluwul woon. Ñaareel bi: fàtte, te mooy jullit bi xam dara, waaye ba muy jëf da ko a fatte, loolu it bàkkaar amu ci. Ñatteel bi: ga, amaana ñu ga jaam bi ci mu def lu mu bëggul te amul kàttanu ci ba ña def la ñu ko ga, bu boobaa bàkkaar du ko ca war du caagine yaraanga. Ànd ak loolu ñu seetlu ne hadiis bi ci diggante jaam bi ak boroomam lay wax, bu dee bàyyi lu ñu digle ngir fàtte nag du tax mu wàcc ko, bu dee it ak tooñ dafa topp ca jëf ja du tax àqi mbindeef mi wàcc ko, kem bu rayoon ci njuumte, kon Diya da koy war, walla mu yàq oto jàmbur kon da ko a war fay.

https://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/4216

النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee